

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Kaparigelan basa téh ngawengku opat k\*omponén, nya éta: kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan maca, kaparigelan nyarita jeung kaparigelan nulis. Éta kaparigelan-kaparigelan téh mangrupa totalitas kamahér anu gumulung atawa gembléng. Jalma dianggap boga kaparigelan lamun geus bisa miboga kamampuh maca, nulis, ngaregepkeun jeung nyarita, tina kaparigelan-kaparigelan éta salah sahijina nya éta kaparigelan nulis.

Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan ngébréhkeun ide, pikiran jeung gagasan kana wangun tulisan. Nurutkeun Tarigan (1985: 21) nulis mangrupa hiji kagiatan anu produktif katut éksprésif. Ngaliwatan proses nulis kamampuh siswa dina pangajaran nulis bisa dimekarkeun daya kréatifitasna sarta diperedih pikeun ngawanikeun dirina dina ngaéksprésikeun ide atawa gagasan nu aya dina pikiranana.

Unggal manusia ngabogaan ide/gagasan jeung kahayang anu kudu diwujudkeun sacara nyata. Cara ngawujudkeunana tangtu aya ku sababaraha cara, salah sahijina nya éta ku ayana wangun tulisan. Ku ayana wangun tulisan tangtu bisa jadi salah sahiji ngébréhkeun sagala eusi pamikiran, ngaekspresikeun naon anu aya dina rasa jeung pikiranana.

Pangajaran nulis di sakola kawilang penting sabab pikeun ngamekarkeun daya imajinasi jeung kreatifitas siswa dina ngedalkeun pangrasa jeung pamikiran anu diébréhkeun kana wangun tinulis. Tapi, dina kanyataanana loba siswa anu ngarasa bingung nalika nulis. Salah sahiji faktorna nya éta cara ngajar anu dianggap masih konvensional sarta langka ngagunakeun média pangajaran.

Guru ditungtut kreatip dina nyieun media pembelajaran, kudu bisa nyieun inovasi dina sistem ngajar manéhanana, sangkan siswa teu jenuh ku materi anu geus aya. Jadi, siswa ogé bisa leuwih ngalenyepan eusi materi anu diajarkeun ku guruna, jeung siswa bisa leuwih kreatip dina diajar.

Fotografi asalna tina basa Yunani nya éta *photos*: cahya jeung *Grafo*: ngalukis/ nulis ngaliwatan média cahya, dina istilah umum, fotografi miboga harti proses atawa metode keur ngahasilkeun gambaratawa foto ti hiji obyek ku cara ngarekam pantulan cahya anu beunang kana éta objek ka media anu peka ka cahya. Alat anu paling populérkeur nangkep éta cahya nya éta kamera. Lamun ewehuh cahya, moal aya foto anu bisa dijieu.

Pangajaran nulis anu diajarkeun ka siswa salah sahijina nya éta nulis carpon. Pangajaran carpon baris diajarkeun ka siswa SMA Kelas XI Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur. Hal éta luyu jeung katangtuan ti Dinas Pendidikam Provinsi Jawa Barat ngeunaan Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar pangajaran basa jeung sastra sunda. Ayana dina Standar Kompetensi 11.4 disebutkeun yén *Siswa mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk carpon, laporan kegiatan, dan resensi buku*.

Carpon atawa mindeng sok disingkat carpon nya éta wangu karangan jijieunan (fiksi/rékaan). Carpon condong langsung kana tujuan carita anu utama dibandingkeun karya-karya fiksi anu leuwih panjang kawas novel. Kusabab singgetna carpon, pelakuna ogé biasana ngan saeutik, ngan saukur dua atawa tilu urang.

Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulon masalah diluhur nya éta ku digunakeunna média pangajaran. Média pangajaran kaitung réa macemna, salah sahijina nya éta média *Photostory*. Media ieu gampang ngamangpaatkeunana dina pangajaran, sabab teu perlu ngaluarkeun biaya anu gede kalayan make media ieu. Dina enas-enasna, média *Photostory* téh nya éta ngagunakeun foto anu disusun sacara sistematis/ ngarangkay anu ngahasilkeun hiji carita pikeun népikeun materi pangajaran sangkan siswa bisa ngembangkeun kreatifitas nulis.

Niténan sawatara masalah diluhur, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan média *Photostory* dina pangajaran nulis carpon. Tujuan panalungtikan ieu nya éta pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *Photostory*. Ku kituna, ieu panalungtikan anu dijudulan “Éfektifitas Média *Photostory* Pikeun Ngaronjatkeun

Kamampuh Nulis Carpon (Studi Kuasi Éksperimen di Kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur Taun Ajaran 2012/2013)" perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Watésan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watésan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur. Sangkan teu lega teuing ambahanna sarta ieu panalungtikan anu dilaksanakeun bisa museur, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan éfektivitas media *Photostory* dina nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watésan masalah, panalungtikan ieu dirumuskeun sangkan puguh pedaranana. Rumusan masalah ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa dina nulis carpon saméméh ngagunakeun média *photostory* dina pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013?
- 2) Kumaha kamampuh siswa dina nulis carpon sabada ngagunakeun media *photostory* dina pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013?
- 3) Kumaha éfektivitas Média *Photostory* pikeun pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum panalungtikan ieu nya éta pikeun mikanyaho éfektivitas nulis carpon saméméh jeung sabada ngagunakeun media *photostory*.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun:

- 1) Kamampuh nulis carpon saméméh ngagunakeun média *photostory* dina pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013.
- 2) Kamampuh nulis carpon sabada ngagunakeun média *photostory* dina pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013.
- 3) Éfektivitas média *photostory* pikeun pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Kabupaten Cianjur taun ajaran 2012/2013.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta nambahán pangaweruh ngeunaan media, kaéfektifan média jeung kreatipitas siswa dina nulis carpon, jeung salah sahiji inovasi dina pangajaran nulis carpon.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Panalungtikan ieu miboga mangpaat praktis, diantarana :

#### **1) Pikeun Siswa**

Ku digunakeunana media *photostory* bisa méré mangpaat sarta méré hal anu beda dina nepikeun materi nulis carpon.

#### **2) Pikeun Guru**

Panalungtikan ieu bisa méré salah sahiji media alternatif dina milih média pangajaran keur Guru sangkan aya varéasi dina ngajar jeung jadi salah sahiji media anu aya mangpaatna dina pangajaran nulis carpon.

### 3) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho jeung meunang pangalaman nalungtik ngeunaan kaéfektifan salah sahiji media pangajaran, utamana media *photostory* dina pangajaran nulis carpon di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Dina bab I ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi masalah, watésan masalah, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, métode jeung téhnik panalungtikan, sarta sistematika nyusun skripsi. Bab II ngawengku tiori ngeunaan tiori nulis, nulis carpon jeung Média *Photostory*. Bab III ngawengku métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumént panalungtikan, jeung téhnik ngolah data. Bab IV ngawengku analisis data. Bab V ngawengku kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

